
Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!



ЖАС ЛЕНИНШИ



Газета 1931 жыл 13 февральдан шыға баслады. ◆ ӨЗБЕКСТАН ЛКСМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНОБКОМЫНЫҢ ОРГАНЫ ◆ БАҲАСЫ 2 ТИЙИН

СТУДЕНТ ОТРЯДЛАРЫНЫҢ ОБЛАСТЬЛЫҚ СЛЕТЫНА ҚАТНАСЫУШЫЛАРДЫҢ АВТОНОМИЯЛЫ РЕСПУБЛИКА ОҚЫЎ ОРЫНЛАРЫНЫҢ СТУДЕНТЛЕРИНЕ ХӘМ ОҚЫЎШЫЛАРЫНА, СТУДЕНТЛИК ОТРЯД ХӘРЕКЕТИНЕ БИЙПӘРЎА ҚАРАМАЙТУҒЫН АДАМЛАРҒА

ҮНДЕЎИ

Бизиң республикамыздағы хәм елимиздеги экономикалық және сиясий жағдайды, бизиң автономиялы республикамыздағы қыйын экологиялық жағдайды есапқа ала отырып, студентлик отрядлардың областьлық слеты Нөкис мәмлекетлик университетиниң студентлерине хәм автономиялы республиканың орта арнаўлы оқыў орынларының оқыўшыларына мүрәжат етеди;

1. Автономиялы республикада қыйын экологиялық жағдайдың пайда болыўына байланыслы 1990 жылдың мийнет семестри ўақтында барлық студент отрядларында Аралдың жәрдем фондына ақшалы мийнет күнин өткериўди усынамыз.

2. Автономиялы республика мийнеткешлериниң қаҳарманлық, жаўынгерлик хәм мийнет даңқын хүрметлеў ретинде 1990 жылдың мийнет семестринде хәм келеси жыллары тарийхый және мәдений естеликлерди қорғаў бойынша ақшалы мийнет күнлери өткерилсин.

3. Қарақалпақстан областьлық XXXIII комсомол конференциясында Нөкис мәмлекетлик университети студентлериниң усынысы бойынша Афганстан жеринде набыт болған интернационалист жаўынгерлердиң естелигин мәңгилик етиў ушын Нөкис мәмлекетлик университетиниң базасында қалыс мийнет отряды дүзилсин хәм ислеп табылған қаржылар интернационалист жаўынгерлер мемориал салыў фондына өткерилсин.

4. Өсип киятырған әўладты идеялы әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў мақсетинде студент отрядларының болажақ жаўынгерлерин Хожели районының № 1 балалар үйин қәўендерликке алыў хәм студент отрядлары менен балалар үйи арасында өз-ара байланысты раўажландырыў усынылсын.

5. Оқыў орынларының өзгешелигин есапқа алып хәм таңлап алынған қәнигеликти терең үйрениў мақсетинде студентлердиң илимий өндирислик отрядлары дүзилсин.

6. Областьлық комсомол комитетиниң студент отрядларының областьлық штабы хәм оқыў орынларының комсомол комитетлери миллетлер аралық қатнасықларды және дослық байланысларды жақсылаў мақсетинде Хорезм областының хәм Қарақалпақстан АССР ының оқыў орынларының студентлери менен хәм оқыўшыларынан студентлик интернационаллық отряд дүзиў мәселесин қарап шықсын.

7. Областьлық комсомол комитетиниң студент отрядларының областьлық штабы хәм оқыў орынларының комсомол комитетлери студент отрядларының патриотлық хәрекетинде студентлер менен оқыўшылар арасындағы байланысларды раўажландырыў мақсетинде Нөкис мәмлекетлик университетиниң студентлеринен хәм автономиялы республиканың орта арнаўлы оқыў орынларының оқыўшыларынан қурама отряд дүзиў мүмкиншилигин қарап шықсын.

8. Өзбекстан Компартиясының областьлық комитетинен, Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң Президиумынан хәм Министрлер Советинен гүзги жыйын-терим жумыслары дәўиринде студентлер ушын биргеликли турақ жай-турмыс жағдайларын дүзиў ушын автономиялы республиканың хәр бир хожалықларында атыз шертеклерин салыў өтиниш етилсин.

Арал теңизин тиклеў бойынша келисимге қол қойылды

НАЙРОБИ. 26 январь. ТАСС тың хабаршысы Юрий Герасимов хабарлайды. Бүгин бул жерде Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң қоршаған орталық программасы бойынша штаб квартирасында қоршаған орталық программасы — (ЮНЕП) пенен СССР арасында Арал теңизин тиклеў бойынша бирликтеги илажлар ҳаққын да келисимге қол қойылды. ЮНЕП тиң атқарыўшы директоры Мустафо Толба хәм СССР Сыртқы ислер министриниң орынбасары В. Ф. Петровский қол қойған хүжжетте Арал теңизи басейниндеги қоршаған орталықты тиклеў мақсетинде әмелге асырылатуғын анық ислер режесин ислеп шығыў нәзерде тутылады. Бул ўазыйпаны шешиў ушын сырт елли қәнийгелер, СССР Илимлер академиясы география институтының хызметкерлери хәм жақын да дүзилген Арал теңизи зонасының кризислик экологиялық жағдайының көлемин анықлаў, оны жеңип өтиў хәм бирден-бир хәрекет программасына айландырыў бойынша альтернатив усыллары белгилеп алыў көзде тутылған. Бүгин қол қойылған келисим бул ўазыйпаға сай түседи.

1960 жылдан 1987 жылға шекем теңиз қәдди 12,9 метр төменледи, майданы 40 процент, көлеми 66 процент қысқарды. СССР Жоқарғы Советиниң 1989 жыл 3 декабрьдеги «Мәмлекетти экологиялық саўалтыўдың кешиктирилмейтуғын илажлары ҳаққындағы» қарарында сырт ел алымлары хәм қәнийгелерин тартып, Арал бойы тәбийий орталығын тиклеў концепция сын ислеп шығыўда конкурс өткериў усынысы айтылған еди. Бүгин қол қойылған келисим әне усы ўазыйпаға сай түседи.

Жойбар районлардағы аўҳалды ведомстводан тысқары өз бетинше экология экспертизасынан өткериў, еки жыл ишинде Аралға жүзеге келген машқалаларды шешиў хәм бул салада сырт елде арттырылған хәм тәжирийбелерден ЮНЕП мүмкиншиликлери арқалы пайдаланыў имканиятын береди.

М. Толбаның хүжжетке қол қойылғаннан соң айтқанларына қарағанда, ЮНЕП Арал жойбары, ЮНЕП пенен СССР дың дәслепки бирликтеги жойбары болып халық аралық дәрежеде қыйын экологиялық машқалаларын шешиў үлгиси болыўы ушын бар күшин сарплайды. Оны әмелге асырыў нәтийжелери бойынша раўажланып атырған мәмлекетлер ўәкиллери ушын оқыў курслары шөлкемлестириледи. Жойбар, сондай-ақ дүнья жүзиниң басқа суў бассейнлеринен ақылға муўапық пайдаланыў хәм оларды қорғаў бойынша әмелий хүжжетлерди таярлаў мүмкиншилигинде туўылырады. СССР Сыртқы ислер министриниң орынбасары усы жойбар — совет басшылығы алға қойған жаңа экологиялық пикир жүргизиўдиң концепциясын жүзеге шығарыўдың, халық аралық дәрежеде қоршаған орталықты сақлаўдың шийеленискен проблемаларын илажы барынша тезирек шешиўдиң айқын мысалы хәм үлгиси деп атап өтти. В. Ф. Петровский халық аралық да ЮНЕП қәнийгелери қатнасыўындағы мәселени де шешиў нәзерде тутылып отырғанын билдирди.

Бизиң кандидатымыз

Гәўҳар Жаббарова

Тубалаўшылық дәўиринде жаслар арасында көп ғана шешилиўи тийис машқалалар топланып қалды. Комсомолец жаслардың өз шөлкемине көз-қарасы өзгерип, яғный исеними жоғала баслады. Соның тан да бирқанша ВЛКСМ ағзаларының өзи туратуғын шөлкемнен есаптан шықпай кетиўи, барған жеринде есапқа отырмаў фактлери көплеп ушырасты. Мине усының салдарынан комсомолдың абройы төменледи. Жаслар комсомол шөлкемине тилек пенен барғанды қойды. Өйткени барған менен де ис питпейтуғын еди. Мен Гәўҳар менен гүррыңлескеним де көбинесе усы пикирлер дөгерегинде сөйледи.

Хақыйқатында да комсомол белсендиси Гәўҳар Жаббарова бул айтқан фактлердиң гүўасы болып, өзи басынан кеширди. Соңғы жыллары бул унамсыз қубылысларды сапластырыў бойынша партия шөлкемлериниң басшылығында комсомол шөлкемлеринде бирқанша жумыслар алға илгериледи. Бул комсомолдағы қайта қурыў исиндеги атланысқа Г. Жаббарова комсомол активистка сы сыпатында жедел араласып киятыр. Оны кәсиплеслери, баслап ғыш комсомол шөлкемлериндеги ғана емес, ал районлық комсомол комитетиндеги жолдаслар жақсы таныйды.

Усындай жаңалықтың жаршысы болған ескер қызды Төрткүл районлық комсомол комитетиниң екинши Пленумында Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына кандидатлыққа бир аўыздан усынылланды. Солай етип, ол № 29



Гүлистан сайлаў округи бойынша ҚҚАССР халық депутатлығына кандидатлыққа дизимге алынды.

Г. Жаббарова 1959 жылы Төрткүл қаласында туўылған, ВЛКСМ ағзасы, өзбек қызы. 1986 жылы Толстой атындағы орта мектепти питкерип, сол жылы Төрткүлдеги аўыл хожалық техникумының бухгалтерия бөлимине оқыўға кирди. Техникумды 1988 жылы табыслы тамамлаған ол, Төрткүл дерги жип ийирип-тоқыў фабрикасына өлшеп алыўшы болып хызметке араласты. Ол жәмийетлик жумысларға актив қатнасады. Цех комсомол шөлкеминиң секретары. Г. Жаббарова депутатлыққа кандидат етип дизимге алынған күннен баслап -ақ фабрика дирекциясы, жәмийетлик шөлкемлердиң ағзалары, кәсиплеслери болған комсомолец-жаслар менен депутат болып сайланған жағдайда қандай мәселелерди шешиў керелиги ҳаққында ойласықлар исследи. Гәўҳар өз сайлаўшылары алдына мынадай платформаларды қойып отыр;

Баста айтып өткенимиздей комсомолдың абыройын көтериў бойынша исленетуғын жумысларға актив қатнасыў;

— район орайынан Афганстанда қаза болған жаўынгер-интернационалистлерге ескерткишлер орналастырыўға ерисиў;

— фабрикада ислеўши жасларды турақ жай менен тәмийин етиўди шешиў;

— фабрика асханасының аўқатларын арзан баҳаға түсириў мақсетинде асхананы рабочийларды тәмийинлеў бөлимине өткериў;

— фабрика жаслары арасында көркем хөўескерликти раўажландырыў мақсетинде хәзирги заман эстрадалық саз әсбаплары комплексин алыўға ерисиў;

— фабрика транспортларын жанар май менен тәмийинлеў ушын ҚҚАССР Министрлер Советинен фонд алыўға ерисиў;

— район территориясында қызлардың өзине жаны қаслық етиўи, яғный өзин-өзи өртеўдиң тийкарғы себеплерин анықлаў хәм оны болдырмаў ушын хаял-қызлар советлери менен тығыз жумыс алып барыў;

Мине булар Гәўҳардың сайлаў алды баслы платформасы. Депутат хәмме ўақыт халық пенен бирге, халықтың жырын жырлап, тилек усынысларын жоқарғы органлар алдына жеткерип орынлаўшы. Депутат болып сайланған жағдайында Гәўҳар күнделикли турмыста ушырасып қалатуғын шешилиўи тийис машқалаларға тиккелей араласып шешиўди мақсет етип отыр. Биз жас рабочийлар ўәкили, ескер қыз Гәўҳар Жаббароваға Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына сайлаўлар ўақтында сайлаўшылар оған бир аўыздан даўыс береди деген үмиттемиз.

А. АББАЗОВ.

БИЗИҢ КАНДИДАТЛАРЫМЫЗ

Азат Әбдимажитов

А. Әбдимажитов, 1957 жылы туўылған, КПСС ағзасы, ӨзЛКСМ обкомының биринши секретары, № 139 Қызыл әскер сайлаў округи бойынша Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына кандидат етип дизимге алынған.



Мениң сайлаў алды платформам өз сайлаўшыларымның, улыўма совхоз мийнеткешлериниң ҳәм усы совхоз территориясында жасаўшы барлық адамлардың турмыс жағдайларын жақсылаў, мүтәжликлерин питкериў, бир неше жыллап топланып қалған проблемаларды илажы барынша шешиўге қаратылады.

Буның ушын биринши нәўбетте социаллық проблемаларды шешиўге айрықша күш салыў керек деп ойлайман. Мени, 25 ке жақын елатлы пункттен ибарат, 4 мыңнан көбирек адам жасайтуғын совхозда бирде-бир жаңа типтеги мектептиң жоқлығы, бирде километр асфальтланған жолға ийе болмаўы, адамлардың керекли нәрселерин өз аўылындағы дүканлардан сатып алыў мүмкиншилигине ийе емеслиги (дүканлардың жоқлығы), тек ғана 1 моншаның, 1 балалар бақшысының барлығы, жасларымыздың дем алыс орнының жоқлығы, адамларымыздың өз үйлерине жақын жерде емлениў мүмкиншилигине ийе емеслиги жүдә тәшўишке салды. Бул мәселелерди шешиўди тез қолға алып, қысқа мүддетте сапластырыў керек деп ойлайман. Бундай объектлерди қурыўды, бул мәселелерди шешиўге қаржылар бөлип шығарыўды планластырыўда жол қойылып киятырған әдилсизликлерди сапластырыўға күш саламан ҳәм қабыл етилген планлардың орынланыўын қадағалаўды күшейтиў керек деп есаплайман. Бул мақсетте халық депутатларының, барлық ҳуқықларынан пайдаланып белгиленген планларды әмелге асырыўшы район ҳәм республикалық масштабтағы мәкеме, кәрхана, министрликлер басшыларының есапларын тыңлап барыўды талап етемен.

Совхоздың үстинен газ трассасының өтип турыўына қарамастан, оннан хожалықлардың пайдалана алмаўы, мени қатты таңландырады. Бул мәселени шешиўди ең биринши орынға қоймақшыман. Водопровод пенен тәмийинлеўдиң де барлық жолларын излестириў керек.

Анығын айтыўымыз керек, еле де көпшилик сайлаўшыларымыздың түсинигинде депутат болып сайланған адам барлық берилген наказларды сол ўақыттың өзинде орынлап таслаўы тийис деп ойлайды. Гейде бизиң елимизде барлық нәрсе планлы түрде әмелге асырылатуғын, айырым мәселелерди шешиўге өзлеримиздиң қәрежет табыўымыз кереклигин умытып қоямыз. Усы жердеги депутаттың роли ол мудамы халық пенен ойласып ҳәм халықтың атынан сөйлеп ҳәр қандай планластырыўда қәтеликлерге жол қойдырмаўға, өз ўақтында шешилиўи керек деген мәселелерди бәржай етиўге себепши болыўы тийис.

Мәмлекетимиз тәрепинен берилетуғын қаржыларды үнемли ҳәм дурыс пайдаланыў зәрүр.

Мен аўылда туўылып, аўылда өскенмен. Сонлықтан да аўылдың, онда жасаўшылардың машқалалары маған жақыннан таныс, мен тек ғана олардың ири баслысын айтып отырман.

Егерде сайлаўшылар мени депутат етип сайласа, олар менен аўылдың ақсақаллары, совхоз басшылары менен бирлесип ҳәм ойласып бул наказларды сөзсиз орынлаўға өзимниң жаслық жигеримди, билимимди, уқыбымды жумсайтуғыныма исендиргим келеди.

Айзада Әбдисаламова

А. Әбдисаламова 1955 жылы туўылған, партияда жоқ. Кегейли районының Бердақ атындағы орта мектебиниң директоры, № 139 Қызыл әскер сайлаў округи бойынша Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына кандидат етип дизимге алынған.



Мени Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына усынған округ, яғный «Қызыл әскер» совхозы мениң туўылып өскен жерим. Солай екен мен бул совхоздың қуўанышына да, тәшўишине де шерикпен. Оның ҳәр бир жетискенлиги мениң қуўанышым, мақтанышым. Әлбетте, депутатлыққа кандидат болыўым халықтың маған билдирген исеними ҳәм үмити. Мен бул үмит-исенимди үлкен жуўапкершилик пенен қабыл алып, биринши гезекте халықтың турмыс абаданшылығын арттырыўды, олардың мәдений ҳәм социаллық жағдайларын жақсылаўға жәрдем етиўди өзимниң ўазыйпам деп билемен.

«Қызыл әскер» совхозы ертерек жылларда «қалақ» хожалықлардан болғанлығы себепли мәдений-социаллық раўажланыўдан артта қалып келди. Бирақ, соңғы үш-төрт жылдың ишинде пахташылықтан әдеўир жетискенликлерге ерискени менен де бул тараўда елеўли өзгерис болмағанлығы өкинишли. Мысал ушын, елеге дейин совхоз орайында бирде клуб жоқ. Қыс айларында не менен шуғылланарын билмейтуғын аўыл жасларын айтпағанда, үлкен жыйналыслардың өзи мектепте өтеди. Бул жағдай бүгинги күнниң талабынан қарағанда шынында да ашынарлы. Мине, жазғы клубтың қурылысы басланып атыр, лийкин жүдә босаң. Сондай-ақ совхозымызда оның орайынан басқа жерде бирде балалар бақшасы жоқ. Тийкарғы кәсибим оқытыўшылық болғанлықтан балалар бақшасының балаларды мектепке таярлаўда, олардың санасезиминиң раўажланыўында қаншелли әҳмийетли екенин билемен. Қала берсе, аўыл хожалығында ислеўши ата-аналарға үйлерде қараўсыз қалатуғын балалары қаншама артықмаш тәшўиш болатуғынында билемен. Және бир ойыма алып жүрген мәселе бар. Ол аўыллар арасындағы телефон байланысы ҳәм қатнас жоллар мәселеси, қыс айларында аўыл араларындағы шор батпақлы жолларда жүриў мүмкин болмайды. Ал, тосыннан аўырып қалғанларға «тез жәрдем» шақырыў ушын телефон зәрүр емеспе?

Совхозымыз көлеминде 4 мектеп бар. Олардың бирде биреўи жаңа мектеп реформасының талапларына сай жумыс ислеўге жуўап бермейди. Спорт залларының болмаўы, класс жайларының жетиспеўи себебинен класстан тыс оқыўлар, физкультура ҳәм спорт сабақлары кеўилге қонымлы өтилмейди. Бул мәселелердиң бәри шынтлап ойланыўды талап етеди. Усы жерде айтып өтиўим керек, бизиң совхозымыздың ортасынан Тахтакөпирге қарай үлкен газ ҳәм аўыз суў жоллары тартылып атыр. Бул нәрселерден бизлерде пайдаланыўымыз тийис. Ҳеш болмағанда совхоз орайынан; мектеп, балалар бақшасы, врачлық амбулаторияға тез арада тәбийий газ әкелиўди шешиў керек. Ал таза аўыз суў мәселесиниң қаншелли зәрүрлиги болса ҳәммеге мәлим. Жап-салмалардағы суўлар пүткиллей ишиўге жарамсыз. Ҳәттеки жер астынан сорып шығарыўшы кранлардың өзинде де суўлар бузылыса баслады. Демек, таза аўыз суў мәселеси ең баслы мәселе. Биз аўыллар араларына таза, ишиўге жарамлы суў шығатуғын орынларды таўып тас қудықлар қазыўды жолға қойыўымыз керек. Әлбетте булар совхоз басшылары менен бирликте исленетуғын, шешиўге болатуғын мәселелер.

Егер мен депутат болып сайлансам, ең баста айтқанымдай, жоқарыдағы мәселелердиң тез шешилиўине, ис жүзинде әмелге асыўына ат салысаман.

ДЕПУТАТЛЫҚҚА КАНДИДАТ

Өзбекстан ССР Жоқарғы Советине, Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советине ҳәм жергиликли советлерге болатуғын сайлаўларға таярлық жумыслары республикамыздың барлық сайлаў участкасында, сайлаў округлеринде шөлкемлескенлик пенен жүргизилип атыр. Сайлаўшылар өзлериниң қәлеген адамларын депутатлыққа кандидат етип усынды. Олар дизимге алынды. Солардың бири пайтахтымыздағы № 9 Куйбышев сайлаў округинен Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына кандидат етип дизимге алынған «ВЛКСМ ның XXX жыллығы» мектебиниң муғаллими Клара Борисовна Төреева. Ол мектепте 18 жылдан берли жас әўладларға тәлим-тәрбия берип киятыр.

СУЎРЕТТЕ; К. Б. Төреева мектеп оқыўшылары арасында.

Ж. ЖАҚСЫМУРАТОВтың түсирген сүўрети.



Илимпаз жазыўшыға бағышланды

Илимпаз-жазыўшы Камал Худайбергеновтың туўылғанына 50 жыл толды. Усы сәнеге байланыслы республикамыздың мектеплеринде, китапханаларда әдебий кешелер өткерилип атыр. Усындай әдебий кеше пайтахтымыздағы «Қарақалпақстанның 40 жыллығы» орта мектебиниң залында болды. Оған жазыўшылар, Өзбекстан ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының Н. Дәўқараев атындағы тарийх ҳәм тил әдебият институтының хызметкерлери, мектеп муғаллимлери, оқыўшылар қатнасты.

Әдебий кешени филология илимлериниң кандидаты, ҚҚАССР Жазыўшылар аўқамының әдебий консультанты Ә. Қожықбаев кирис сөз сөйлеп ашты. Буннан соң жыйналғанлар алдында Камал Худайбергеновтың өмир жолы ҳәм илимий хызмети ҳаққында филология илимлериниң кандидаты, доцент Қонысбай Камалов баянлама жасады.

Әдебий кешеде филология илимлериниң докторлары С. Баҳадырова, К. Мәмбетов, филология илимлериниң кандидатлары Т. Мәмбетниязов, С. Нийетуллаев, Ж. Хошниязов, шайырлардан С. Пиржанов, Т. Сәрсенбаев, Ж. Шамуратов атындағы музыкалық училищениң оқытыўшысы Ә. Мәмбетов ҳәм басқалар шығып сөйлеп Камал Худайбергенов (1940—1982-жыллар) ҳаққында есте қалғанларын айтып берди. «Лирика ҳәм өмир», «Дәўир ҳәм парыз» атлы мийнетлериниң қарақалпақ әдебият таныў илимине қосылған баҳалы мийнет екенине тоқтады.

Х. САПАРОВ.

ОЛИМПИАДА ҚАЛАЙ ӨТКЕРИЛЕДИ?

Автономиялы республикамызда қарақалпақ тилине мәмлекетлик тил статусының берилиўи мектеплерде қарақалпақ тили пәниниң оқытылыў сапасын арттырыўға үлкен жол ашып берди.

Соңғы еки жылдан берли оқыў рус тилинде жүргизилетуғын мектеплерде қарақалпақ тилинен олимпиада өткерилип, оған VIII, IX, X класс оқыўшылары қатнаспақта.

Бул олимпиадалар рус мектеплери оқыўшыларының қарақалпақ тилин үйрениўге болған қызығыўшылығын сынаўдан өткереди. Олимпиада қатнасыўшылары өзлериниң қарақалпақ тилинен алған билим хәм көнликпелери тийкарында пикирлесе алыў қәбийлетлерин хәм қарақалпақ тилин қай дәрежеде әмелде билиўин көзден өткереди.

Олимпиада төмендеги басқышларда өткериледи;

1-басқыш—класс оқыўшыларының қатнасыўында мектеп олимпиадасы.

2—басқыш —мектеп жеңимпазлары қатнасында район (қала) олимпиадасы.

3—басқыш—район (қала) жеңимпазларының қатнасында (областьлық) республикалық олимпиада февральда өткериледи.

Автономиялы республикамыздың пайтахты Нөкисте мектеп оқыўшыларының өткерилетуғын III тур олимпиадасына қатнасыўшы командалар составы 6 адамнан ибарат болып, хәр бир класстан тең муғдарда оқыўшылар киргизиледи. Өткен жылғы олимпиада да 1 хәм 2 орынға ийе болған жеңимпазлар команда составына киргизилиўи мүмкин.

Командалардың басшылары рус мектеплериниң қарақалпақ тили муғаллимлеринен, районлық, қалалық халық билимлендириў бөлимлериндеги инспектор, методистлеринен таярланады.

Команда басшылары команда ағзаларын олимпиада өткерилетуғын орынға толық шөлкемлескен халда алып келиў, олимпиада даўамында барлық зәрүрли ислерди шөлкемлестириў хәм олимпиада жарысы тамамланғаннан кейин команданы шөлкемлескейлик пенен алып қайтыўға жуўап береди Республикалық олимпиадаға қатнасыўшы командалар «Тилди билсең—елди билесең» мақал мазмунында (5 минутлық) қутлықлаў сөз таярлап келеди.

Олимпиада барысында олимпиада қатнасыўшылары төмендеги жумысларды орынлайды:

1. Жазба жумыс. Берилген сораўларға толық жуўап бериў. Бунда оқыўшылардың каллиграфиясы, сәўатлылығын, пикирин жазбада дурыс жеткерип бере билиўи есапқа алынып баҳаланады. Жазба жумысқа 2 астрономиялық саат ажыратылады.

2. Таныс болмаған текстти оқып бериў хәм оның мазмунын сөйлеп бериў. Бунда оқыўшылардың текстти көркем оқый билиўи, сөзлерди дурыс айтыўы, текст мазмунын қай дәрежеде түсинип, қайта айтып бериўлери хәм русша текстти қарақалпақшаға, қарақалпақша текстти русшаға аўдара алыўлары есапқа алынады.

3. Сүўретке қарап гүрриң. Берилген сүўретте нелер сүўретленген, сүўрет темасы хәм сюжетиниң мазмуны хаққында айтып бериў.

4. Жыл мәўсимлерин айтыў хәм бир мәўсим ҳаққында гүрриң. (өз мектебиң, аўылың, районың, қалаң хаққында гүрриң айтып бериў, «Класста», «Гастрономда», «Кино-театрда», «Стадионда», «Врач қабыллаўында» хәм басқа да темаларда гүррицлесиў өткериў мүмкин)

4. Өзиңиз сүйген шайыр (жазыўшы) оның шығармалары ҳаққында айтып бериў. Ядқа қосық, монолог яки әдебий шығармадан үзинди айтып бериў. IX класста ең кеми—8 қатар, X класста 12, XI класста ең кеми—18 қатар қосық болыўы тийис.

Олимпиада тапсырмаларының хәр бири 5 балл баҳа менен баҳаланады. Аўызша тапсырмаларға таярланыў ушын хәр бир оқыўшыға 5 минуттан ўақыт бериледи хәм жуўап бериўде сол ўақыт дегерегинде өткериледи.

Рус мектеплери оқыўшыларының қарақалпақ тили бойынша өткерилетуғын олимпиада тапсырмалары еки вариантта дүзилди.

1 вариант—рус мектеплеринде оқып атырған рус оқыўшылары ушын;

II вариант —рус мектеплеринде оқып атырған қарақалпақ хәм оған жақын тилде сөйлейтуғын оқыўшылар ушын.

Усы түрде олимпиада да 1 орынды ийелеген оқыўшы жоқары оқыў орнына усы пән бойынша кириўине мүмкиншилик бериледи.

И. ҚӘДИРОВ.

Қарақалпақстан АССР халық билимлендириў министрлигиниң методисти, Қарақалпақстанға мийнети сиңген муғаллим.



ШЕБЕР ТИГИУШИ

Егер жолыңыз түсип Қоңыраттағы «Арыўхан» деп аталған турмыс жағынан хызмет көрсетиў үйиниң № 3 тигиўшилер цехына барсаңыз, бул орында кийим тигиў машиналарының жағымлы сестин еситиўге болады. Тигиўшилердиң барлық дыққаты алдындағы тигиў машинасына, пишилген кийимлерге қаратылған. Ийне арқалы сабақлар таўар жийегинде ойнайды. Хәмме өз иси менен бәнт. Күнлик, айлық ис нормаларын зыяты менен орынлаўға асығады.

Цехтағы усындай шебер тигиўшилердиң бири Бийбижан Халмуратова. Оның усы цехта тигиўши болып ислеп атырғанына 10 жылдан асып баратыр. Содан берли оның қолынан талай кийимлер тигилип қарыйдарлардың қолына барды. Өз исине ықлас берген тигиўшиге қарыйдарлар талай мәртебе алғыслар айтты.

Х. САПАЕВ.

СҮЎРЕТТЕ; тигиўши Б. Халмуратова жумыс ўақтында.

К. АЛЛИЯРОВтың түсирген сүўрети.

Табысқа талпынған қыз

Шолпан сол өзи жасап атырған «Россия» совхозындағы №11 кәсип техникалық училищени 1986-жылы питкерип совхоздағы сүт-товар фермасына рабочий болып жумысқа орналасты. Бул жердеги саўыншылардың мийнетине қайыл қалып, тәсийин ететуғын еди. Шолпанды саўыншылық кәсибине ийтермелегенде кәсиплеслериниң мийнети шығар? Солай етип 1987-жылдан баслап өз алдына сыйыр алып саўыншылық кәсибине араласа баслады. Қыйыншылықсыз ис болама, ол күнлер артта қалып Шолпан тез ўақыт ишинде алдыңғылар қатарында тилге алынды. Шолпанның семьясын аўыл адамлары шарўалар семьясы деп атайды. Өйткени оның әкеси Алланазар Ержанов бир неше жыллардан берли усы фермада маллар ушын от-шөп таярлайтуғын механизмди басқарады. Ал анасы Сарыгүл Пирманова болса қараўында 135 бас баспағы бар белгили шопан.

Шолпанның табыслары жаман емес. 1989-жылы өзине бекитилген 21 сыйырдан сүт-саўыў бойынша мәмлекетлик планды 112 процент етип орынлаўға еристи. хәм өткен жылы декабрь айында болып өткен районлық XI комсомол конференциясында оны областьлық комсомол конференциясына делегат етип сайланды. Усындай үлгили мийнет ислеў менен бирге Нөкистеги аўыл хожалығы техникумының ветеринария бөлиминде сырттан оқып атыр.

Сондай-ақ жәмийетлик жумысларға актив қатнасады. Фермадағы баслангыш комсомол шөлкеминиң секретары.

Жас саўыншы Шолпан Ержанова Нөкис районындағы «Россия» совхозының сүт-товар фермасында мине усылайынша минсиз хызмет етпекте. Сонлықтан да Шолпан өз қурдаслары арасында үлкен абыройға ийе. Ол жақында ғана болып өткен областьлық комсомол конференциясынан жақсы тәсирлер алып қайтты. Бунын барлығы да жумысты жәнеде жеделли ислеўине үлкен тәсирин тийгизбекте.

А. ЖОЛДАСОВА.

Соңғы почтадан

Бетке айтқанның айыбы жоқ

Мине, Өзбекстан ССР, Қарақалпақстан АССР халық депутатларын хәм жергиликли советлерге депутатларды сайлаў мапазы да өзиниң шешиўши басқышына кирди. Яғный, 18-февраль күни даўысқа қойылатуғын депутатлыққа талабанлардың толық дизими бүгин қолларымызда. Әттең, мен бул дизимлерди оқып отырып үлкен ойға талдым. Неге дегенде кандидатлардың басым көпшилиги лаўазымлы адамлар. Сондай-ақ сол хәмелдар талабанлардың көпшилигиниң дерлик альтернативи жоқ. Бул демек олардың шәртли түрде халық депутаты болып сайланатуғынлығын яки сайланыўы тийис екенлигин билдирип турғандай. Өйтпегенде сондай округлерде депутатлыққа ылайықлы мийнет адамлары жоқ дейсиз бе?

Мен өзим қәнигелигим бойынша юристпен. Халық депутатларынан қуралатуғын жоқарғы советлер болса бул, нызам актлерин шығарыўшы мәмлекетлик орган есапланады. Солай екен халық депутатларының арасында юристлер көплеп болыўы керек. Тилекке қарсы, депутатлыққа талабанлардың дизиминде юристлер оғада аз. Бул да бир ойланарлық жағдай.

Дурыс, демократия хәм жәриялылықты биз жақыннан бери үйренип, турмысымызға енгизип атырмыз. Көпшиликти ойға қалдырған жоқарыдағы жағдайларға соның ушын да жол қойылып атырған шығар хәм алдағы ўақытларда олай болмаса керек. Мениң ендиги айтайын дегеним сайлаўлар күни сайлаўшылар үмитин ақлағандай, халықтың ылайықлы ўәкиллерине даўыс берейик. Себеби елимиздиң, жәмийетимиздиң, халықтың ертеңги тәғдири сол депутатлардың қолында болады.

Н. ӨТӘМБЕТОВ.

Нөкис қаласы. Юрист.

Нызам шықты, бирақ...

Хәр бир халықтың миллий бийбаҳа байлығы болған ана тили мақтанышы хәм мәртебеси болыўы тийис. Соның ушында қарақалпақ тилине мәмлекетлик тил дәрежесиниң берилиўи айрықша дыққатқа ылайық, қуўанышлы ўақыя болды. Бирақ бул нызам қабыл алыныўы менен емес, ал ис жүзинде әмелге асырылыўы менен ғана қанаатландырарлы. Өкинишке бола, биз бул нызамның айтарлықтай нәтийжесин еле көре алмай атырмыз. Себеби, мәкемелердеги, айырым халыққа хызмет көрсетиў орынларындағы жағдайларды айтпағанның өзинде, телевидениеде, баспа сөз бетлеринде еле русша сөзлерди араластырып сөйлеў, жазыў бурынғысынша даўам етип атыр. Жол бойларындағы ескертиўши белгилер, мәкемелердеги атамалар, хәр қыйлы ураnлар еле сол турысында турыпты. Мен олардың русша жазылғанына қарсы емеспен, бирақ нызам қабылланғаннан соң азда болса оның нәтийжеси болыўы керек ғой.

Ә. ӘБДИМУРАТОВ.

Киоска ашылса екен?

Хүрметли редакция! Бизлер «Қызкеткен» поселкасында жасаймыз. Бул поселка еле қурылып, күннен-күнге толысып атыр. Сол ушын да көбинесе газета-журналларымызды ўақтынан кеш аламыз. Ал, хәзирги қайта қурыўлар дәўиринде адамлардың газета-журналларға болған қызығыўшылығының қандай екени хәммеге мәлим. Бизлер елимизде жүз берип атырған өзгерислерди, жаңалықларды хәр күни оқып билип барғымыз келеди.

Бизиң өтинишимиз хәм тилегимиз: поселкадағы №12 хәм №21 маршрутлардағы автобуслар тоқтайтуғын ГНС бәндиргисиндеги дүканның қапталынан газета-журналлар сататуғын киоска ашылса екен? Усыған жәрдем бериўиңизди сораймыз?

Бир топар жаслар атынан хат жоллаўшы:

Венера ҚУДИЯРОВА.

Нөкис қаласы.

А. П. ЧЕХОВ.

Муҳаббат ҳаққында

ГҮРРИҢ

— Дмитрий, бул қалай болды?

Луганович, —огада сақый өз пикиринде туратуғын, кең пейил адамлардан еди. оның ойынша; егер адам судқа түссе ол гүнакар, ҳүкиминиң дурыслығына гүман келтириўге нызамлы рәўиште тек қағаз жүзинде ғана болады, аўқат үстинде яки жеке гүррицлесиўде буның болыўы мүмкин емес.

— Бизлер сизиң менен от бермедик, — деди ол әсте-ақырын, —сонлықтан сизди сотламайды, түрмеге де отырғызбайды.

Олардың екеўи де; күйеўи де, ҳаялы да мениң көбирек аўқатты ишип-жеўиме кеўил аўдарды, олардың қылўаларына қарап, мәселен, олардың бирге кофе қайнатқанына, бир-бирин ярым сөзден түсиниўине бола, мен олар татыў ҳәм сыйласықлы жасайды, олар мийман келгенге қуўанып отыр деген шешимге келдим. Түстен кейин олар төрт қоллап рояль де ойнады, соң қараңғы түсти ҳәм мен өзимниң жайыма кеттим. Бул бәҳәрдиң басында болған еди. Кейин пүткил жаз бойы Софьинодан шықпай жасадым, қала ҳаққында ойлаўға да ўақтым болған жоқ. бирақ қәўмети келискен, алтын шашлы ҳаял ҳасла ядымнан шыққан емес; мен ол ҳаққында ойламадым, бирақ оның пәрдей [illegible] бимниң үстинде жатты.

Гүздиң ақырғы күнлеринде қалада ҳақ нийет пенен бир спектакль қойылды. Губернатордың сыпасына кирип (мени ол жерге тәнепис ўақтында шақырған еди) қарасам —губернатордың ҳаялының қасында Анна Алексеевна отыр, тап баяғыдай әжайып, жүзлеринен гөззаллық, күлимлеген көзлеринен мийрим-шәпәәт таралып тур, тағы да сол бир жақынлық сезим бийлей баслады мени.

Бизлер бирге отырдық, кейин фойеге шықтық.

— Сиз азып кетипсиз, — деди ол.—Сиз аўырып қалмадыңыз ба?

— Аўа. Мениң ийним аязлаған, жамғырлы күнлери мен огада жаман уйқлайман.

— Сизиң түриңизде шаршағанлықтың белгиси бар. Баяғыда, бәҳәрде, түсликке келгениңизде сиз жасырақ шаққан едиңиз. Сиз онда рухланып, огада көп сөйледиңиз, огада қызықлы едиңиз, шынын айтыўым керек, мен ҳәттеки сизиң менен қызықсына басладым. Негедур пүткил жаз бойы сиз мениң ядымнан кетпедиңиз, ал бүгин мен театрға таярланып атырып, сизди шәртли түрде көремен деп ойладым.

Ол бул сөзлерди айтып күлди.

— Бирақ бүгин сиз огада шаршағансыз,— деп қайталады ол. — Бул сизди қартайған етип көрсетеди.

Келеси күни мен азанғы аўқатты Лугановичлердикинде жедим; аўқаттан кейин олар қыс азығын жәмлеў ушын дачаға кетти, мен де олар менен бардым. Олар менен түн жарпында қалаға келдим, тыныш, семьялық жағдайда, әтиштен алдында отырып чай иштик, жас ана қызының уйқылап атырғанын гез-гезден барып көрип турды Буннан кейин ҳәр сапары келгенимде мен Лугановичлердикине барып жүрдим Олар маған, мен оларға үйренип қалдым, Әдеттегише, мен оларға өз адамымдай хабарламастан келетуғын едим.

— Ким келди?— деген даўыс еситилди түпкирдеги бөлмеден, ол огада әжайып еди.

— Бул Павел Константиныч, — деди хызметши ҳаял.

Анна Алексеевна тәшўиш толы кейипте сыртқа шығып, мудамы меннен былай деп сорайтуғын еди:

— Не ушын сиз узақ ўақыт болмадыңыз? Бир нәрсе болып қалған жоқ па?

Оның көз қарасы, маған қарай созған жип-жиңишке, жумсақ қоллары, оның үй көйлеги ,шашын ораўы, даўысы, адым атыўлары ҳәр сапары маған мениң өмиримдеги әжайып ҳәм әҳмийетли нәрсени ядыма салар еди. Бизлер узақ әңгимелесип, ҳәр биримиз өз ойымыз бенен бәнт болып, узақ ўақыт үндемей қалатуғын едик, яки ол маған рояльде ойнап береди. Егер ҳеш ким үйде болмаса, мен қалып кететуғын едим, тәрбияшы менен сөйлесемен, бала менен ойнаймын, яки бөлмеге кирип, түрк диванында жатып, газета оқыйман ,ал Анна Алексеевна келген ўақытта мен оны дәлизде күтип аламан. қолынан оның барлық затларын түсиремен, сөйтип ҳәр қашан бул затларды мен бала сыяқлы соныңдай муҳаббат пенен, соныңдай салтанат пенен алып бараман.

Мынандай нақыл бар: кемпирдиң тәшўиши жоқ еди, мегежин сатып алды, деген. Лугановичлердиң тәшўиши жоқ еди, олар мениң менен дос бола қойды. Егер мен узақ ўақыт қалаға келсем, онда мениң кесел болғаным, яки бир жағдай ушырасқан, олар бундайда тынышсызланып жүреди. Олар мениң саўатлы, тил билетуғын адам бола тура, илим яки әдебият .пенен шуғылланыўдын орнына, аўылда жасап, тыйындай бир дөңгелекте айланып, көп ислеп, мудамы пулсыз қалатуғыныма тынышсызланады. Оларға мен азап шегип жүргендей болып көринемен, егер мен сөйлесем, күлсем ,аўқат жесем, өз азап-ақыретлеримди билдирмей жасырыў ушын ислеймен буларды, гейде өзимди жақсы сезген қуўанышлы минутларда да, мен олардың өзиме таңланып қарап турғанын сеземен. Маған ҳақыйқаттан да аўыр болып, мени қандай да бир кредитор қысып, яки тез төлеў ушын ақша жетпей атырған пайытларда олар оғада бүлинип қалады; екеўи, күйеўи де, ҳаялы да терезе алдында бир нәрселерди сыбырласып айтысады ,кейин ол мениң қасыма келип, үлкен жуўапкершилик пенен былай дейди:

— Егер сиз, Павел Константинович, ҳәзир ақшаға зәрүр болсаңыз онда биз ҳаялымыз екеўимиз сизин уялмаўыңызды, бизлерден ала бериўиңизди өтиниш етемиз.

Ериниң бундай да албырағанынан қулақлары қып-қызыл болып кетеди. Бир мәртебе ҳаялы менен терезе алдында сыбырласып, мениң қасыма келди де, қулақлары қып-қызыл болып былай деди:

— Биз ҳаялымыз бенен бизлерден бул саўғаны алыўыңызды өтинип сораймыз.

Ол жең илдиргиш, портсигар ҳәм шырпыны берди; оның ушын мен оларға аўылдан атылған қус, май ҳәм гүл дәстесин жибердим. Ҳақыйқатында да олардың екеўи де бардамлы адамлар еди. Дәслепки күнлери дус келген адамнан қарыз алдым, берсе болды ким екенин таңлағаным жоқ. бирақта ҳеш бир күш мени Лугановичтен қарыз сораўға мәжбүрлей алмады. Ол ҳаққында айтыўдың не кереги бар!

Мен бахытсыз едим. Үйде де, дүзде де, сарайда отырып та, мен ол ҳаққында ойладым, мен өзи жас, гөззал, ақыллы ҳаялдың қупыя сырын билиўге талпындым, усындай бола тура ол неге ысқынсыз сол бир ғаррыға (оның жасы қырықтан асып кеткен еди) күйеўге шыққан, оннан балалары бар — мен оғыры биймәни ой жуўыртатуғын, бал ҳәм кешелерде белгили адамлардың қасында туратуғын, топас, керексиз мақлуқтың қупыя сырларын билгим келди, ол гәрезли, ҳеш бир пикири жоқ келбети менен, тап оны бул жерге сатыў ушын әкелгендей болып жүреди, лекин ол өзиниң бахытлы болыўға, ол ҳаял туўған балаларға әке атаныўға ҳақылы екенин биледи: сонлықтан мен мудамы, неге сол бирeўге тап болған, маған емес, бизиң өмиримизде бундай қәтеликлердиң не ушын кереги бар екенлигин билиўге қызықтым.

Қалаға ҳәр сапары келгенимде көзлеринен оның мени күткенлигин сездим; оның өзи де азаннан берли айрықша бир қуўанышта жүргенлигин, мениң келетуғынлығымды билгенлигин мойнына алды. Бизлер узақ сөйлестик, гейде үндемей де отырдық, бирақ бизлер бир-биримизге сүйетуғынлығымызды айтқанымыз жоқ, уялып оны жасырдық, басқалардан қызғандық. Бизлер сырымызды ашып таслайтуғын барлық нәрседен қорықтық. Мен оны ҳүрмет пенен әбден жақсы көрдим, бирақ мен өзимди өзим тергедим, өзиме-өзим сораў тасладым, егер гүресе алмасақ бизиң муҳаббатымыздың ақыбети не нәрсеге апарыўы мүмкин: мениң тыныш, ғамлы муҳаббатымнан қәпелимде оның күйеўиниң, балаларының, мени оғыры жақсы көретуғын, маған исенетуғын усы үйдиң бахытлы турмысын жоққа шығаратуғынлығы мени қыйнады. Бул инсаптан ба? Ол мениң кейниме ериўи мүмкин, бирақ қайда? Мен оны қаяққа апарыўым мүмкин? Егер мениң турмысым гөззал, әжайып болса басқаша еди, егер мен мәселен, ўатанымның азатлығы ушын гүрескен болсам, яки белгили илимпаз, артист, художник болсам басқа гәп, ал мен әпиўайы жағдайдан, оны басқа, буннан да қарапайым турмысқа алып баражақпан. Сонда бизиң бахтымыз қаншама ўақытқа шекем созылмақшы? Егер мен аўырып, өлип қалсам яки бизлер бир-биримизди соңғылығында унатпай қалсақ оның жағдайы қалай болады?

Мениңше, ол да усылай талқылаған болса керек. Ол ери ҳаққында, балалары ҳаққында, оның ери өз улындай жақсы көретуғын анасы ҳаққында ойлады. Егер ол өзиниң сезимине берилгенде онда өтирик сөйлеўге, яки ҳақыйқатлықты айтыўға мәжбүр болар еди, ал оның жағдайында бунық екеўи де бирдей қорқынышлы ҳәм қолайсыз еди. Оны мына сораў қыйнай баслады: оның муҳаббаты маған бахыт алып келди ме. ол мениң онысыз да аўыр. ҳәр қыйлы бахытсызлыққа толы турмысымды қыйынластырмады ма? Ол өзин жетерли дәрежеде жаспан, жаңа өмир баслаў ушын жетерли дәрежеде мийнетке уқыплыман, күш-қуўатым соған жетеди деп есапламады, ол күйеўи менен отырған пайытларда мени ақыллы, жақсы хожалық ийеси, жәрдемши болатуғын қызға үйлениўи керек деп гәп ететуғын еди — сөйтип айтып атырып тағы: пүткил қалада ондай қыздың табылыўы қыйын деп қосып қойды.

Жыллар солай өте берди. Анна Алексеевнаның енди баласы екеўге жетти. Енди мен Лугановичлердикине келген ўақтымда олардың хызметшиси күлип күтип алатуғын, ал балалар Павел Константинович келди деп мениң мойныма асылатуғын болды: ҳәммеси қуўанысып қалады. Олар мениң келбетимде не нәрселердиң болып атырғанын билмей, мени де қуўанады деп ойлайды. Ҳәмме мени огада бир әжайып инсанға жорыйды, үлкенлер де, балалар да бөлмениң ишинде әжайып инсан жүрипти деп сезеди, бул нәрсе олардың маған деген қарым-қатнасында айрықша бир жағдайды пайда етеди, шынында да мениң қатнасыўымда олардың өмири таза ҳәм гөззал еди. Мен Анна Алексеевна менен бирге театрға бараман, ҳәр сапары жаяў жүремиз, отырғышта да қатара отырамыз, ийинлеримиз бир-бирине тийип турады ,мен оның қолынан бинокльди аламан ҳәм сол ўақыттың өзинде оның маған жүдә жақын екенин ол тек те меники, бизиң бир-биримизден ажырасыўға болмайтуғынымызды сеземен, бирақ негедур театрдан шығып болып бизлер хошласамыз ҳәм өзге адамлардай болып кетемиз. Қалада бизлер ҳаққында не айтылып атырғанын қудай билсин, бирақ сол айтқанлардың ишинде бир аўыз да ҳақыйқатлық жоқ еди.

Соңғы жыллары Анна Алексеевна гә анасыникине, гә сиңлисиникине кете баслады ,оның енди кеўил хошы өзгерген еди, өмирге қанаатланбағанлығын уғынып, зая болған турмысын сезинип, гейде күйеўин де, балаларын да көргиси келмейтуғын еди. Ол енди нервлериниң ҳәлсирегенлигинен емлене баслады.

Бизлер бир-биримизге үндемедик, ҳеш те үндемедик, ал өзге адамлардың көзинше ол маған қарсы пикирде болатуғын еди ,мен не нәрсе айтпайын ол мениң менен келиспейди, егер мен бәсекилессем ол мениң қарсыласымның тәрепин алады. Егер мен бир нәрсени түсирип алсам, ол салқын сөйлейди:

— Қутлықлайман сизди, — дейди.

Егер мен театрға оның менен киятырып бинокльди алыўды умытып кетсем ол дәрҳал:

— Сизиң умытатуғыныңызды билип едим, — дейди.

Бахыт па, яки бахытсызлық па, қайсысы болса да бизиң өмиримизде мәңги даўам ететуғын нәрсе болмайды. Бизлер ушын да айралық пайыты келди: себеби Лугановичти батыстағы губерниялардың бирине баслық етип жиберди. Мебельлерди, атларды, дачаны сатыў керек еди. Дачаға барып, кейин соңғы мәртебе бағқа, жап-жасыл төбелерге қараў ушын артқа бурылғанда, ҳәммеге бирден қапашылық түсти, мен сонда тек дача менен хошласып атырмағанымызды сездим. Августтың ақырында Анна Алексеевнаны Қырымға жиберемиз деп докторы әлле қашан ол жаққа жөнетилген еди, ал оннан кейин Луганович балалары менен батыстағы губернияға кетиўи керек, усылай алдын ала келисилген еди.

Бизлер Анна Алексеевнаны көпшилик болып шығарып салдық. Ол күйеўи ҳәм балалары менен хошласып, үшинши қоңыраўға аз ўақыт қалғанда мен оның купесине жуўырып кирдим, ол умытып кете жазлаған корзинаны текшеге апарып қойыўым ҳәм хошласыўым керек. Ол жерде, купеде, бизлердиң нәзеримиз дусласқанда, уят дегенди биз пүткиллей умытып кеттик, мен оны қушақладым, ол жүзин мениң көкирегиме қойып тығылды ҳәм көзлеринен жас тынымсыз сорғалады; оның көз жастан ығалланған жүзин, ийнин, қолларын сүйип атырған мен де, ол да не деген бахытсыз едик! Мен оған сүйетуғынлығымды айттым, жүреклерим тилкимленип турып мен бир нәрсени түсиндим, бизиң муҳаббатымызға кесент еткен нәрселердиң барлығы дымға керексиз, майда ҳәм жүзеки еди. Мен енди түсиндим, егер сүйсең, бул сүйиспеншилик ҳаққындағы өз ойларыңда бахыт ҳәм бахытсызлық, гүнә ҳәм ҳақлықты ойлағаннан көре жоқары нәрседен, өзиң ушын огада әҳмийетли нәрседен жуўмақ ислеп шешимге келиў керек, оны талқылаўдың ҳеш те кереги жоқ.

Мен соңғы мәртебе оны сүйдим ,қолын қыстым ҳәм бизлер айрылыстық — мәңгиге. Поезд орнынан қозғалды. Мен қоңсы купеге барып отырдым — ол жерде ҳеш ким жоқ еди — ҳәм биринши станцияға жеткенше ол жерде отырып жыладым. Кейин өзимниң аўылым Софьиноға жаяў бардым.

Алехин сөзин айтып боламан дегенше, жаўын тынып, қуяш көринди. Буркин менен Иван Иванович балконға шықты; бул жерден бағ ҳәм жайылым суў айнадай болып көринетуғын еди. Олар буған ҳәўес пенен қарап турды ҳәм сақый, ақыллы, ҳақ нийет пенен бул гәплерди айтып берген адамды алды, оны бул жерде. бул үлкен бағы-бақшада дөңгелектеги тыйындай айланып. өзиниң өмирин буннан көре гөззаллырақ ететуғын илим яки басқа нәрсе менен шуғылланбай жүрген адамға реҳими келди, олар бунын менен купеде хошласып, бул оның жүзин ҳәм ийинлерин сүйгенде жас ҳаялдың жүзлеринен қаншама ҳәсиретке орын берилгенлиги ҳаққында ойлады. Кейин олардың екеўи де ол ҳаялды қалада ушыратты, ал Буркин оның менен таныс екен, ол да оны сулыў деп тапты.

1898.

Русшадан аўдарған: Алпысбай СУЛТАНОВ.

Редактор К. РЕЙМОВ.

ЖАС ЛЕНИНШИ

742000 НӨКИС ҚАЛАСЫ, К. МАРКС КӨШЕСИ № 9.

ТЕЛЕФОНЛАР: Редактор 2—20—21, жуўаплы секретарь 2—20—23, бөлимлер 2—20—25, машинкалар бюросы. 4—39—66.

Қарақалпақстан АССР баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкистеги «Правда»ның 50 жыллығы» полиграфкомбинаты.

Заказ 510. ИНДЕКС 64612. Тиражы 28415 РК 30125.